



WORKERS'
COMPENSATION

Kisa Endemnizasyon pou Aksidan Travay ye?

Kesyon ke yo poze souvan sou endemnizasyon pou aksidan travay nan Delaware

Endemnizasyon pou aksidan travay se yon sistèm sipò pou anplwaye ki blese oswa malad akòz travay yo. Li ofri swen medikal, lajan pandan w pa ka travay, epi li peye w pou blesi ki dire lontan. Si pi move a rive epi yon anplwaye mouri akòz aksidan travay li a, fanmi an ka resevwa benefis sa yo.

Kiyès ki kouvri?

Si w ap travay nan Delaware, patwon w la dwe genyen asirans pou kouvri w, eksepte pou travayè agrikòl yo ak kèk antreprenè endepandan. Travay espesyal tankou maren ak anplwaye federal yo gen pwòp lwa federal yo.

Ki Avantaj Mwen Ka Genyen?

- **Avantaj Medikal:** Ou garanti pou tout vizit doktè ak sejou lopital ki nesèsè yo.
- **Invalidite Total Tanporè:** Si w pa ka travay pou plis pase twa jou, y ap peye w apati katriyèm jou a.
- **Avantaj Pasyèl Tanporè:** Si w retounen travay men w touche mwens, w ap resevwa 2/3 diferans ant ansyen salè w ak nouvo salè w pou jiska 300 semèn.
- **Avantaj Pou Andikap Pèmanan:** Pou blesi ki dire lontan yo, yo ka peye w selon jan li grav, tanpri kontakte Biwo Konpansasyon Travayè a pou plis enfòmasyon.
- **Avantaj pou defigirasyon:** Si w gen sikatris oswa ou pèdi yon manm akòz travay, ou ka resevwa peman pou jiska 150 semèn.
- **Avantaj nan ka Lanmò:** Si yon travayè mouri, depandan yo ka resevwa peman chak semèn ak lajan pou depans antèman yo.

Kijan m ka jwenn benefis sa yo?

Enfòmè anplwayè w la de aksidan ou le pi vit ke posib. Ou gen 90 jou pou w fè sa, oswa ou ka pa jwenn benefis la. Apre sa, patwon ou oswa asirans yo ta dwe kòmanse peye.

E si patwon mwen an pa ede?

Ou gen dezan apre aksidan ou a pou w mande èd nan men Biwo Konpansasyon Travayè a. Yo ka gide w, men ou ta ka vle jwenn yon avoka paske anplwayè yo genyen yo tou.

Èske yo ka revoke m poutèt mwen reklame benefis yo?

Non. Li ilegal pou patwon w la pini w paske w reklame benefis yo.

Sonje byen, ou pa poukont ou. Endeminizasyon Pou Aksidan Travay la pou ede w.

Ki kote m ka aprann plis?

Kontakte biwo prensipal nou a:

Telefòn: (302) 761-8200

Imèl:

dol_dia_wc_compliance@delaware.gov

Vizite: Labor.delaware.gov pou plis enfòmasyon ak fòmilè yo.



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR
DIVISION OF
**INDUSTRIAL
AFFAIRS**